



Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU REPONS ETA A FAS AK VAN NÒDÈS KE YO PREVA K AP POTE GWO LAPLI AK POTAMSYÈL INONDASYON

Gouvènè Hochul mande vwayajè yo pou yo pran prekasyon pandan depasman madi swa yo paske kondisyon inondasyon yo prevwa afekte plizyè zòn nan Rejyon Kapital la, Long Island, NYC, Mid-Hudson ak Southern Tier

Rejyon Long Island, Mid-Hudson, Vil Nouyòk ak Southern Tier prevwa resevwa 2-3 pous lapli anplis pandan sware sa a; rafal van k ap soufle 80 a 96 kilomèt alè posib nan Long Island pandan lannwit lan madi rive mèkredi

Alèt inondasyon anvigè kounye a pou Konte Delaware ak Konte Sullivan

Gouvènè a [te deklare Eta dijans pou katastwòf lendi](#) aswè yon fason prevantif pou fasilite repons ajans Eta a nan zòn ki afekte yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mete Nouyòkè yo ajou sou repons Eta a konsènan (van) nòdès k ap wote atravè eta a epi k ap bay gwo lapli ak kondisyon inondasyon nan Rejyon Kapital la, rejyon Long Island, Vil Nouyòk, Mid-Hudson ak rejyon Southern Tier jiska mèkredi maten. Lapli total ki rive jiska 3 pous dej akimile nan rejyon sid eta yo e yo prevwa yon lòt 2-3 pous lapli kapab enpake rejyon Long Island, Mid-Hudson, Vil Nouyòk ak rejyon Southern Tier pandan tout rèz madi a. Gwo van jiska 80 kilomèt pa èdtan posib nan Long Island jiska mèkredi. Gouvènè Hochul te ankouraje Nouyòkè ki nan zòn ki afekte yo pou yo pran siveye meteyo pandan tout jounen an, pran prekasyon pandan y ap vwayaje, epi suiv nenpòt dekrè dijans otorite lokal yo pibliye an repons fas ak tanpèt la.

"N ap siveye depre previzyon meteyo ak travay pou kominike ak patnè nou yo nan gouvènman an sou gwo lapli ak van nou prevwa wè jiska aswè a ak demen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Tout Nouyòkè yo ta dwe rete vijilan epi yo dwe prepare pou swiv nenpòt dekrè dijans gouvènman lokal yo bay. Mwen ap mande tout moun pou yo siveye previzyon metewolojik lokal yo epi pran prekasyon pandan w ap vwayaje ale lakay ou aswè a ak mèkredi maten."

Apati Lendi maten, anpil zòn nan pati sid eta a te resevwa jiska 3 pous laplis oswa plis ki asosye ak van nòdès sa a, epi gen plis lapli yo prevwa jiska aswè a. Sèvis Meteyo

Nasyonan (National Weather Service) la te pibliye plizyè alèt ak konsèy metewolojik, tankou Alèt ak Konsèy sou Inondasyon Toudenkou, Inondasyon Kotyè ak Gwo Van jiska mèkredi. Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt meteyowolojik yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Meteyowolojik Nasyonan (National Weather Service) la.

Nan lendi, [Gouvènè Hochul te deklare yon Eta Dijans pou Katastwòf](#) pou plizyè konte, tankou Bronx, Broome, Chenango, Delaware, Greene, Kings, Montgomery, Nassau, New York, Orange, Otsego, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Schenectady, Schoharie, Suffolk, Sullivan, Tioga, Ulster, Westchester, ak konte vwazen yo.

Preparasyon Ajans

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Depatman Transpò Eta a prepare pou reponn avèk resous sa yo:

- 1,409 gwo kamyon abèn baskil
- 304 gwo chajè
- 78 ekskavatis sou ray ak sou kawotchou
- 73 dechiktèz
- 20 aparèy pou fè nivèlman
- 16 kamyon aspiratè ak jè egou
- 14 ekip pou pyebwa avèk kamyon nasèl

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a genyen 656 operatè ak sipèvizè ki prepare pou reponn a nenpòt pwoblèm ki an rapò ak van oswa inondasyon nan tout Eta a yo avèk ekskavatis ki piti pou rive nan sa ki gen tay mwayen yo, kamyon chasnèj/baskil yo, gwo kamyon chajè yo, pano VMS pòtab yo, poto limyè pòtab yo, jeneratris ki pi piti yo, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansanm ak aparèy siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt detou oswa fèmti yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou Thruway la.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 228 Gwo Kamyon Baskil Abèn
- 124 Ti Kamyon Baskil Abèn
- 68 Gwo Chajè
- 29 Trelè
- 8 Vac Kamyon
- 9 Ekskavatis sou Ray
- 10 Ekskavatis sou Wou
- 9 Dechiktèz ak Bwòs
- 100 Twonsonez

- 25 Kamyon Ayeryen
- 23 Chajez ak Direksyon
- 87 Jeneratris Pòtab
- 70 Inite Ekleraj Pòtab

Otorite Thruway (Thruway Authority) a ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li a ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#) yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo aksè dirèk ak kamera sikilasyon yo nan tan reyèl, enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) ki bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou otowout Thruway, suiv [@ThruwayTraffic](#) sou Twitter epi vizite [thruway.ny.gov](#) pou wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Biwo Jesyon Dijans (Office of Emergency Management, OEM) Divizyon an ap siveye ak anpil atansyon kondisyon metewolojik epi Sant Operasyon Dijans (Emergency Operations Center) li a aktive kounye a. Divizyon an pral kowòdone nenpòt operasyon ajans eta ki nesèsè ak rete an kontak avèk lokalite yo pandan jou k ap vini yo. Anplis de sa, Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control) Divizyon an prepare pou kowòdone repons resous ajans Eta a pou sovtaj nan dlo, tankou deplwaman New York State Task Force-2 (NY-TF2) (Gwoup Travay-2 (NY-TF2) Eta New York la), ekip Rechèch ak Sekou Iben (Urban Search and Rescue) Eta a. NY-TF2 OFPC ak ekip sovtaj nan dlo rapid ajans Eta yo kapab deplwaye teknisyen pou sovtaj nan dlo rapid k ap opere bato sovtaj ak veyikil ki gen esye elve pou konplete ak sipòte kapasite repons lokal yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sityasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan ekip rapid pou sovtaj nan dlo yo nan pozisyon pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alètte epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizitè pak yo dwe tcheke [parks.ny.gov](#) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)

Sèvis piblik New York genyen apeprè 6,200 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, efò entèkansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta a. Pèsonèl nan Depatman Sèvis Piblik la yo pral retrase travay sèvis piblik yo ap fè pandan tout restorasyon apre tanpèt la epi pral asire ke sèvis piblik yo ap transfere pèsonèl ki apwopriye yo nan rejyon ki plis afekte yo.

Lapolis Eta New York (New York State Police)

Lapolis Eta a prepare pou li deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesèsè, pou ede zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo, tankou veyikil kat-pa-kat ak veyikil itilite yo (UTV) deja an pozisyon epi yo prè pou yo reponn imedyatman. Yo te teste tout ekipman alimantasyon elektrik ak ekipman kominikasyon ijans Twoup la yo.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation

Otorite Enèji New York la ak Kòporasyon Kanal Eta New York la ap siveye kondisyon yo ak prepare tout resous entèkansyon yo. NYPA ak reprezantan Kanal yo gen kontak pwòch avèk pèsonèl ijans eta, konte, ak lokal yo. NYPA rete prè tou pou l voye anplwaye transmisyon NYPA yo ak lòt anplwaye pou al ede si sa nesèsè. Canal Corporation ap enfòmè piblik la jan sa nesèsè nan alèt Avi I ap bay Maren yo. Manm piblik la ka enskri pou resevwa avi sa yo isit la.

Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority)

Otorite Transpò Metwopoliten an ap pran tout prekosyon ki nesèsè pou pwoteje rezo transpò li a epi bay sèvis an tout sekirite. Tout ajans MTA yo ap travay depre ansanm, nan kowòdone avèk patenè lokal yo pou devlope plan yo si sèvis yo ta va afekte. MTA te mete ekipman derechany esansyèl disponib davans toupatou nan tren yo, tren banlye yo, ansanm ak nan pon ak tinèl ajans lan.

MTA Bridges and Tunnels te entèdi traktè tandem ak traktè vid yo sou sèt pon MTA yo nan madi 26 oktòb jiska 10 p.m.

Nan tren yo, pèsonèl mentnans yo ap enspekte dren vwa yo nan zòn ki gen risk pou inonde yo, y ap mete an plas yon seri ponp ak bwat kont tanpèt.

MTA ankouraje kliyan yo pran plis prekosyon lè y ap vwayaje pandan gen gwo lapli ak gwo van. Sa enkli pou mete plis tan pou deplasman, pran plis prekosyon lè ou ap mache sou platfòm yo ak eskalye yo, veye pou kondisyon glise yo epi rete veyatif pou branch bwa ak fil ki anlè yo.

Otorite Pòtyè (Port Authority)

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon meteyowolojik yo. Restriksyon pou vitès yo gendwa an vigè nan pon yo, ansanm ak wout pou ale ak pou sòti nan kafou yo. Yo ap ankouraje pasaje atravè enstalasyon Otorite Pòtyè yo pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta ak anilasyon. Pou dènye enfòmasyon yo sou etablisman Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou alèt PA yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo.

Lòt konsèy sekirite

Prepare pou kondisyon meteyowolojik ki grav:

- Konn konte kote ou rete a epi non vil ki toupre yo. Yo bay avètisman sou move tan vyolan yo pa konte.
- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Si yo konseye pou w evakye, fè sa touswit. Pran sèlman atik esansyèl yo epi mennen bèt nan kay yo avè w si sa posib.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Evite kondui oswa ale deyò pandan tanpèt. Inondasyon ak van destriktè ka rann vwayaj la danjere.
- Si ou dwe deyò, pa mache nan dlo k ap koule. Sis pous dlo k ap kouri rapid ka fè w pèdi kontwòl pye w.
- Si w dwe kondui, sonje: "Retounen, Pa Nwaye!" Pa kondui nan wout inonde piske yo dlo k ap kouri ki sèlman nan de pye ka pote machin yo ale. Si veyikil ou a bloke nan dlo k ap kouri rapid, rete nan veyikil la. Si dlo a ap monte anndan veyikil la, chèche refij sou do li. Pa kondui konte ki gen baryè sou wout.

Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Si moun New York yo ap eksperimante yon entèripsyon kouran, moun New York yo ta dwe:

- Fèmen oswa dekonekte gwo aparèy ansanm ak lòt ekipman yo, sa vle di, òdinatè yo, nan ka yon sichaj elektrik momantane ki kapab andomaje aparèy sa yo. Kite yon limyè limen pou ou konnen lè kouran retounen. Konsidere itilize pwotektè kont wot tansyon tout kote ou itilize ekipman elektwonik.

- Rele konpayi itilite ou la pou ou fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi sèvis piblik yo, vizite [Depatman Sèvis Piblik Eta a](#).
- Tcheke pou w wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat (4) èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati l pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè ou mete plizyè kouch rad epi minimize tan ou pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredri lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si ou vin gen sentòm sa yo.
- Si ou nan yon bilding ki wo, pran mach eskalye epi ale nan nivo ki pi ba nan bilding lan. Si w bloke nan yon asansè, tann asistans. Pa eseye fòse ouvr pòt yo. Rete pasyan - gen anpil lè anndan asansè a epi li fèt pou sekirite pasaje yo.
- Sonje bay bèt domestik ou yo dlo fre.
- Elimine vwayaj ki pa nesèsè, sitou nan machin. Siyal sikilasyon yo pral sispann fonksyone pandan yon entèripsyon, sa ki ap kreye anbouteyaj ak kondisyon ki danjere pou moun kondui. Si ou dwe kondwi pandan yon blakawout, sonje obeyi règ pou kanpe nan entèseksyon ki gen 4 vwa yo ak siyal sikilasyon ki pa fonksyone.
- Sonje ke ekipman tankou ATM ak asansè ka pa fonksyone.

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sitwèb Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la [isit la](#).

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)